ku wattu fukki aaya yi njëkk ci saaru Al-Kahf, kon ñu aar ko ci Dajjaal" ci geneenug nettali: "ci mujjug saaru Al-Kahf

Jële nañu ci Abuu Dardaa -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: "ku wattu fukki aaya yi njëkk ci saaru Al-Kahf, kon ñu aar ko ci Dajjaal" ci geneenug nettali: "ci mujjug saaru Al-Kahf".

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xamle ne ku mokkal fukki aaya yi njëkk ci saaru Al-Kahf ci xolam ñu aar ko ci fitnay Masiihu-Dajjaal mi nga xam ne day génn ci mujjug jamono di wootewoo Yàlla, te fitnaam nag mooy fitna ji gën a màgg ci kaw suuf ba ñi bindee Aadama ba keroog Saa di taxaw; ngir li ko Yàlla kàttanal mu am yenn ci ay xar-baax yimuy fitnaale ñi ko topp, loolu nag ndaxte njëlbeenu saaru Al-Kahf dafa am ay kéemtaan ak ay aaya yu gën a màgg yi Dajjaal di fitnaale nit ñi, ku ko settantal du fitnawu ci Dajjaal.m Nekk na ci geneen nettali: fukki aaya yi ci mujjug saar wi, mu tàmbalee ci waxu Yàlla mu kawe mi: {Afa hasiba allasiina kafaruu an yattaxisuu...}.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/6265